

# Jistis ak Lapè Achidyosèz Pòtoprens

Sekretarya Achidyosèz Pòtoprens  
56, Ri Pikan ak Lama  
Pòtoprens - Ayiti

nan kolaborasyon ak

## *Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè Commission Episcopale Nationale Justice et Paix*

Secrétariat national  
BP 1572  
Port-au-Prince Haïti 6110  
Tel 29 43 00 79  
[justicepaixha@yahoo.com](mailto:justicepaixha@yahoo.com)  
[www.forumcitoyen.org.ht/jilap](http://www.forumcitoyen.org.ht/jilap)

**Vyolans nan lari zòn metwopolitèn nan  
*Violence dans la zone métropolitaine de Port-au-Prince***

# JE WÈ, BOUCH FÈT POU PALE

**Mwa Jiyè rive Sektanm 2013**

# 48

*Texte en français : voir pages 10 à 14  
En cas de citation du rapport, veuillez indiquer la source*

**Rapò 48 – Rapport 48**

Lèt tou louvri pou tout Otorite Sivil, Lajistis ak Lapolis nan peyi a

Komisyon Nasyonal Jistis ak Lapè salye n ak anpil respè. Li kontan prezante **48yèm rapò** li sou kesyon vyolans nan zòn metwopolitèn nan. Rapò sila a rann kont sou sa k te pase nan peryòd **mwa jiyè rive mwa sektanm 2013**.

**Trimès sa montre gen yon ti bese nan zafè vyolans ak zam nan zòn metwopolitèn nan, men tou, nou obsève tansyon politik ki genyen nan moman an sou wout pou fè eklate anpil vyolans sitou nan katye popilè yo.**

Nou obsève aksidan trafik vin pi plis pandan trimès sa a, konsa nou rive konprann pwoblematik trafik la se yon ijans ki dwe trete nan tout dimasyon l. Chak jou ki jou lavi moun plis espoze nan trafik sikilasyon akòz dezòd ki genyen. Epitou, toujou genyen òldòp sou moto, brakaj, vòl ak kidnapin k ap fèt ak zam k ap kontinye toujou.

Komisyon an panse kaba vyolans rete yon gwo defi, men, pou lapè tabli fòk genyen moralite nan reyalite politik la. Men ki sa k fè n genyen dout, zam yo toujou la nan men sitwayen ak sitou nan men gwoup ame yo. Nan kèk katye plis zam ap antre toujou. Sa montre pratik pouvwa a ak politisyen yo pokò chanje : se ak fòs ilegal yo vle kontwole teren an. Nenpòt lè, vyolans la kapab reprann ak plis fòs selon sa konjonkti politik la mande, tankou nan moman eleksyon.

Nan rapò sa a, Komisyon an te reflechi sou Pouvwa Jidisyè a ki anba dominasyon lòt Pouvwa Leta yo. Sityasyon sila a montre Lajistis pa endepandan, li pa pre sitwayen yo. Konsa, sitwayen yo retire tout konfyans nan Lajistis, sa ki mennen fristrasyon, epi ki fè konfli yo se nan vyolans sitwayen chache rezoud yo.

Pou konbat ensekirite a, dapre Komisyon Jistis ak Lapè, pozisyon enstitisyon Leta yo ki la pou konbat kriminalite ak banditis dwe klè. Pa dwe gen dout nan lespri moun si se nan sèvis sa ki dwat yo ye, konsa, yo kab fè yo konfyans nèt ale. Komisyon an regrèt se pa konsa sa ye kounye a.

Sekretarya Komisyon an ap remèsye tout sèvis Leta yo ki te pèmèt li verifye kèk enfòmasyon ki la a, tankou HUEH ak PNH. Komisyon an salye n ak anpil respè, epi li di n mèsi pou atansyon n ap bay 48yèm rapò sila a.

*Lettre ouverte aux Autorités Civiles, Judiciaires et Policières du pays*

La Commission Nationale Justice et Paix vous salue respectueusement. Elle a l'honneur de vous présenter son **48<sup>ième</sup> rapport sur la violence dans la zone métropolitaine**. Ce rapport couvre la période **des mois juillet à septembre 2013**.

**Ce dernier trimestre on constaterait une certaine baisse dans la violence armée dans la zone métropolitaine. Mais, la tension politique qui s'installe actuellement est sur le point de faire éclater des violences surtout dans les quartiers populaires.**

*Nous observons aussi la montée considérable des accidents de la circulation ; chaque jour la vie des citoyens et citoyennes s'expose à cause du désordre qui règne dans ce secteur. Cette situation montre la nécessité de bien poser la problématique du trafic de la circulation dans toute sa dimension. Toujours est il que d'autres formes de violence sont répandues comme les holdups à moto, les braquages, des vols à main armée et le kidnapping.*

La Commission croit que le grand défi à relever pour faire stopper la violence et pour pouvoir établir la paix, est de développer la moralité dans les actions politiques. C'est là que surgissent les doutes, parce qu'aucun désarmement n'a eu lieu ; au contraire des armes circuleraient plus librement dans certains quartiers. Ce qui prouve que les pratiques des autorités et politiciens n'ont pas encore changées : ils veulent contrôler le terrain avec la force illégale ; ainsi la violence peut se manifester n'importe quand, selon les besoins de la conjoncture politique, comme lors des élections.

Dans ce rapport la Commission produit des réflexions sur la domination que subi le Pouvoir Judiciaire par rapport aux autres Pouvoirs de l'Etat. Cette réalité montre clairement que la Justice n'est pas indépendante, elle n'est pas proche des citoyens et citoyennes ; cela engendre plus de frustration et de violence entre les citoyens qui souvent prennent la voie de la violence pour traiter les conflits.

Pour combattre efficacement l'insécurité, il faut bien, d'après l'avis de la Commission, que la position des institutions étatiques qui ont pour mission de combattre la criminalité et le banditisme, soit claire. Il ne devrait pas y avoir de doute dans l'esprit des gens qu'elles soient au service de ce qui est droit, et qu'elles méritent une totale confiance de la part de la population. La Commission exprime ses regrets, parce que ceci n'est pas la réalité en ce moment.

Le secrétariat de la Commission remercie les instances de l'Etat qui lui ont permis de vérifier certaines informations ou données, comme l'HUEH et la PNH. La Commission vous salue et vous remercie de l'accueil que vous réserverez à ce 48<sup>ième</sup> rapport.

Mme. Jocelyne Colas, Directrice nationale

Jocelin Renord, Secrétaire général Jilap Achipo

Me. Apollon Rovelsond, Responsable d'observation

**Fason nou analize vyolans nan Pòtoprens**  
**Tableau synthèse de la violence à Port-au-Prince**

		Mwa jiyè <b>91</b> viktim	Mwa daou <b>92</b> viktim	Mwa sektanm <b>101</b> viktim
<b>a. Sou idantite viktim yo</b>				
Polis ak ajan sekirite ki viktim		-	<b>1</b>	<b>2</b>
Fanm ki viktim		<b>18</b>	<b>12</b>	<b>16</b>
Timoun ki viktim		<b>1</b>	-	-
Viktim yo pa konnen kilès yo ye		<b>19</b>	<b>15</b>	<b>19</b>
<b>b. Sou lakòz lanmò yo</b>				
Moun ki mouri ak bal		<b>59</b>	<b>52</b>	<b>68</b>
	Moun ki mouri ak ballapolis/ Minustah	2	-	-
	Moun ki mouri nan afwontman ak polis / Ministah	-	-	2
	Moun ki mouri ak bal bandi ki nan gang	4	10	19
	Viktim afwontman ant gang			
	Moun ki mouri ak bal nèg ak zam yo pa rive idantifye	53	42	47
Moun ki touyetèt yo		<b>1</b>	-	-
Moun ki mouri ak zam blanch, wòch, fè, baton ak manchèt		<b>7</b>	<b>12</b>	<b>16</b>
Moun ki mouri nan aksidan		<b>20</b>	<b>17</b>	<b>16</b>
Moun ki mouri nan move tan		-	-	-
Lòt kòz ak sa yo pa konnen		<b>4</b>	<b>11</b>	<b>1</b>
<b>c. Sou kèk katye : ki kote</b>				
Bèlè, zòn Dèlma 2 ak 4, Fò Nasyonal ak Solino		<b>3</b>	<b>8</b>	<b>3</b>
Lasalin, Site Solèy, wout Nasyonal # 1 ak zòn Site Militè		<b>9</b>	<b>11</b>	<b>12</b>
Zòn Kafou		<b>11</b>	<b>7</b>	<b>11</b>
Gran Ravin ak Matisan		<b>1</b>	<b>2</b>	<b>1</b>
Petyonvil, wout Frè		<b>9</b>	<b>5</b>	<b>9</b>
Yo pa konn zòn nan / mouri lopital		<b>10</b>	<b>13</b>	<b>8</b>
<b>d. Sou kèk lòt sikonstans</b>				
Moun ki mouri sou etikèt vòlò		<b>2</b>	<b>3</b>	<b>8</b>
Etikèt kidnapè/bandi		-	-	-

## **Analiz ak kòmantè 48yèm rapò sou vyolans nan zòn metwopolitèn nan**

### **Men sa k te pase nan trimès la**

Nan trimès ki sòt pase a, Komisyon Jistis ak Lapè dokimante **284** ka kote moun viktim vyolans, epi **179** moun nan yo mouri ak bal. Nan trimès anvan an te genyen **284** ka, kote **183** ka mouri ak bal. Men li twò bonè poun tire konklizyon valab sou direksyon ensekirite a vle pran. Li enpòtan pou n siyale tou, done Komisyon an kapab verifye pa kouvri tout reyalite vyolans k ap fèt yo.

Komisyon an kontinye kwè, gwo defi a se rive kreye kondisyon korèk pou twouve rezilta k ap dire, pou vyolans nan sosyete a rive fè bak epi disparèt toutbon vre. Men ki sa ki yon antrav jodi a :

- Zam yo toujou la nan men sitwayen ak sitou nan men gwoup ame yo. Okontrè, plizyè temwayaj vin jwenn nou ki fè nou konnen nan kèk katye popilè gen zam k ap bay pou rezon politik, tankou nan Site Solèy, Lasalin, Gran Ravin.
- Sa montre pratik Pouvwa a ak politisyen yo pokò chanje : se ak fòs ilegal yo vle kontwole teren an. Nenpòt lè, vyolans la kapab reprann ak plis fòs selon sa konjonkti politik la mande, tankou nan moman eleksyon.
- Lapolis pokò kapab asire sekirite peyi a, li pa prezan an fòs nan plizyè katye ak nan seksyon kominal yo. Okontrè, plizyè kote yo fè n konnen lapolis konplis nan zak ensekirite.
- Gouvènman an pa montre li genyen yon politik sekirite piblik efikas ak yon volonte politik pou reponn bezwen fondamantal popilasyon an genyen.

Nan rapò anvan yo, Komisyon an te montre jan politik la mare ak vyolans la. Anvan lontan peyi a dwe antre nan yon pwosesis elektoral. Kesyon ki poze : kilès ki pwofite konfizyon an ? Ki jan pou separe pratik politik yo ak vyolans ? Ki jan pou fè politisyen yo, fanm kou gason, konprann li pa posib pou tabli demokrasi ak yon Leta dedwa ak moun ki vle mache nan chimen vyolans ak koripsyon ?

Nan menm peryòd la, mwa jiyè rive sektanm 2013, kantite moun ki viktim nan aksidan trafik vin pi ogmante, nou te konte **53** ka, nan trimès anvan an sete **41**. Nou obsève gen gwo machin pwa lou ki nan sèvis Leta ki enplike nan anpil aksidan, se konsa, nan dat kit e 30 jiyè 2013, yon kamyon SMCRS pèdi fren epi touye plis pase 7 moun san konte blese. Konsa nou konstate tou:

- a. Lapolis fè anpil jefò pou kontwole moto pou zafè sekirite. Men li enpòtan tou pou gade gwo kamyon k ap kondwi ak anpil agresivite; yo konn frape machin prive san yo pa kanpe.
- b. Li nesèsè pou siyale danje ki genyen nan trafik lè chofè ap sèvi ak telefòn lè yo deyè volan.
- c. Jan senp sitwayen ak sitwayèn blije monte nan bis ak kamyonèt transpò piblik pa bon. Kondisyon vwayaj la fè n sonje istwa peyi n ak trèt moun nwa yo nan tan lakoloni.
- d. Anpil kote, twou regou rete louvri tribòbabò nan kapital la san kouvri. Pil tè adwat agòch. Konsa tou, moun ap vòlò kouvèti ki bouche twou yo.
- e. Yon seri machin gen gwo pwoblèm mekanik, san yo pa fè sèvis.
- f. Manke pwofesyonalis kote polis woutyè.
- g. Nou konstate gazolin ak dizèl toujou ap vann tankou pil patat nan lari ak boutik. Sitiyasyon sa se gwo danje pou lavi, san konte kantite viktim li fè deja.

Asinay ak zam blanch wo anpil: **35** ka. Nan peryòd 3 mwa anvan an sete **32** ka. Li nesèsè pou n ta konnen pou ki rezon popilasyon an panse li dwe fè tèt li jistis konsa, menm si otorite yo klewonnen sa pa dwe fèt. Komisyon an konstate gwo piblisite pakè a ap fè nan Pòtoprens pou mete fren nan pratik sila a ; sa se yon bagay kòrèk paske se pa wòl sitwayen yo pou fè tèt yo jistis. Men Komisyon Jistis ak Lapè a kwè yon aparèy Lajistis efikas ak yon aksyon lapolis ki kòrèk pi enpòtan anpil pou refè konfyans popilasyon an, pase tout reklam ak espòt piblisite nan radyo ak tele.

Gen plizyè lòt fòm vyolans grav k ap boulvèse lespri popilasyon an. Kidnapin, menm si yo pa pale twòp sou li, toujou la. Anpil brakaj, vòl, òldòp sou moto fè moun viktim chak jou nan kapital la. Moun yo pran kamyonèt transpò piblik ak kè yo sou biskèt.

## **Eske nou ka pale de Pouwwa Jidisyè a tankou youn nan branch ki fonde twa Pouwwa Repiblik peyi d Ayiti?**

An n kòmanse sou prensip ki di : Lajistis senbolize nannan Eta dedwa. Sa ki vle di Lajistis la genyen yon wòl enpòtan nan òganizasyon ak aplikasyon règleman nan tout sosyete yo. Misyon fondamantal li enpòtan pou trete ak korije tout sa ki pa kòrèk ak sa lalwa di, epi ki kapab andikape bon fonksyonman tout sosyete ki egziste.

### **Kisa nou ka di sou fondman Pouwwa yo ?**

Prensip separasyon Pouwwa yo pran nesans nan vil Wòm nan tan ansyen yo ; prensip la montre kouman yo t ap repati diferan fonksyon nan Leta a, epi yo atache yo ak diferan enstitisyon ki konpoze l. Objektif separasyon an rantre nan lide pou gen enstitisyon Leta ki

garanti ak pwoteje libète fondamantal moun genyen. Li se youn nan eleman enpòtan nan demokrasi.

Plizyè filozòf, tankou John Locke (nan peyi Angletè) ak Montesquieu (nan peyi Lafrans), te bay anpil lide pou bay prensip sa yo jarèt. Men ki jan yo te òganize diferan Pouvw a yo:

- Pouvw Lejislatif, yo konfye bay Palman an ;
- Pouvw Egzekitif, ki gen 2 tèt, sa vle di li gen ladan l Laprezidans ak Primati a ;
- Pouvw Jidisyè, yo renmèt nan men Tribinal yo ak Lakou yo.

Pouvwa politik la, jan nou konprann li jounen jodi a nan sa n rele demokrasi, yo mete l sou pye ak yon seri enstitisyon k ap fonksyone toutbon vre. Se tablo sila a ki pèmèt nou pale sou yon Leta demokratik. Misyon Pouvw politik la se asire inite sosyal, devlopman ak pwosperite Leta a, nan avantaj siwayen ak sitwayèn yo.

### **Kisa nou ka di sou reyalite enstitisyon yo ki nan peyi d'Ayiti ?**

Fonksyonman enstitisyon ki nan Repiblik d Ayiti pa mache byen ditou. Règchwèt separasyon Pouvw a yo pa kenbe. Se toujou lafòs ak awogans ki genyen nan mitan otorite yo ki fòme Leta a. Yo vyole epi yo manke respè pou prensip yo ki ekri nan Konstitisyon 1987 la epi ki pou òganize Nasyon an.

Li byen klè, nan mitan dirijan ak aktè politik yo pa genyen yon vizyon pou rive konstwi yon panse ayisyen ki pou pote Repiblik la. Enstitisyon yo pa jwe wòl yo, epi yo pa bay sèvis. Se dezòd, koripsyon, enpinite ak machandaj k ap dominen : se tankou yon ilegalite ki vin legal.

Nan sityasyon sa a ki bay anpil latwoublay, Pouvw Jidisyè a twouve l nan yon pozisyon kote li pa vo anyen, se li k ap peye tout konsekans sistèm politik ki la ki malad jouk nan zo. Lajistis ayisyèn rive nan nivo restavèk, li politize, li destabilize, li nan chèn epi li vini senpleman prizonye lòt Pouvw a yo.

Majistra yo (jij yo) pa endepandan nan kad travay yo, pou pi fò, yo mal nonmen paske yo p at respekte règ yo. Konsa, yo blije mare nan pye tab otorite politik ki parenn yo nan kad nominasyon yo, kit se yon manm Pouvw Egzekitif oubyen nan Pouvw Lejislatif la.

Majistra ki nan pakè yo (sa yo rele Komisè Gouvènman yo) chita sou yon chèz laviwonndede, se antre soti, y ap egzekite lòd ki pa dwat epi ki pa kadre ak règ dwa. Kòm reprezantan Egzekitif la nan Pouvw Jidisyè a, nan yon fonksyon ki ta jwe yon gran wòl enpòtan, yo ta dwe bay yon gwo kontribisyon pou fè Lajistis mache. Men, politik Gouvènman yo pa janm rive pote solisyon ak pwoblèm Lajistis nan peyi a ap fè fas.

Nan lide pou konstwi yon sosyete ki ekilibre, plizyè pansè rive ekri sou yon ansanm prensip ki separe Pouvwa yo kont tout atak gwo ponyèt. Konsa, yo vini ak prensip separasyon Pouvwa yo, paske tout rejim demokratik òganize daprè prensip separasyon Pouvwa yo.

**Men ki sa k nannan kesyon an : egzèsis Pouvwa a dwe rete nan respè dwa moun, pase sa, egzèsis Pouvwa pa p lòt bagay pase fè vyolans sou moun.** Nan peyi d Ayiti, lè y ap pale egzèsis Pouvwa, nou wè yo itilize l pou fè abi, olye li nan sèvis sitwayen ak sitwayèn yo.

Pouvwa politik ki fonde Leta modèn kounye a se yon Pouvwa ki chita sou lalwa, li jwenn akseptasyon l nan yon ansanm règ moun nan kominote a admèt. Sa vle di : moun k ap egzèsè Pouvwa avèk tout dwa li, pa mèt Pouvwa a, men li sèlman gadyen l. Filozòf ki rele Jean J. Rousseau t ap di : yon moun k ap fè politik, se yon minis (sèvitè) pèp la li ye.

Konstitisyon ayisyèn 1987 la garanti demokrasi, Leta dedwa, egalite ak respè dwa moun. Nan tout sa, Lajistis dwe tankou yon bawomèt k ap mezire epi yon chimen k ap mennen demokrasi a. **Paske, Lajistis dwe nan sèvis diyite moun, epi wòl Lajistis dwe klè nan tout demokrasi ki egziste.**

Se yon reyalite ki klè an Ayiti, depi kèk tan, pi fò otorite politik yo ki t ap dirije peyi a se yon seri dirijan ireskonsab yo ye, yo pa demokrat. Se move lide yo aplike pou kapab destabilize tout enstitisyon Repiblik la nan sans pou yo regle enterè klan yo oubyen gwoup politik pa yo.

Konsta nou fè jounen jodi a, Pouvwa Leta yo pa antann yo pou benefis Nasyon an, men, nou wè pito se fòs k ap fèt ant Pouvwa yo. Sitiyasyon sa kondwi n nan deriv grav ki se lènmi demokrasi. Pratik sa yo montre tèmomèt Leta dedwa a pa nan nòm al li, paske tout bagay ap fè nan dezòd total san pa gen respè pou règjwèt yo.

Defèt Pouvwa Jidisyè nan peyi a se rezilta tout move pratik politik ki pa kòrèk epi ki pote menas pou règ dwa yo. Eske nou ka di sosyete a fonksyone byen san pa gen yon Lajistis fò ki pa nan patipri ? Ki avni Nasyon ayisyèn nan genyen avèk yon Lajistis ki politize nan tout kò l epi ki pa gen direksyon? Chak jou n ap konstata kijan majistra yo tounen yon zouti nan men lòt Pouvwa yo. Misyon Lajistis kòm sèvis piblik pa egziste. Konsa, sa mennen yon seri konsekans grav pou sosyete a. Pa gen garanti jidisyè, epi yo vyole libète chak moun genyen ansanm ak tout dwa l yo.

Konsèy Siperyè Pouvwa Jidisyè a ki se pi gwo ògan enpòtan pou asire bon fonksyonman Pouvwa Jidisyè a, apre yon ti bout tan, vin prizonye anba ansyen demon politik yo. Konsa, **Repiblik la mete ajenou, li pa kab kanpe debou.** Sitiyasyon sa ap mennen avni enstitisyon demokratik yo nan move wout. Se sitwayen ak sitwayèn yo k ap peye pou sa.



## **Pwopozisyon ak rekòmandasyon Komisyon an fè**

Komisyon Jistis ak Lapè pwopoze pou Otorite Leta a pran diferan pwen sa yo an konsiderasyon prese prese :

1. Otorite Leta yo dwe aji yon fason pi responsab nan zafè trafik machin. Sa vle di :
  - a. Yo dwe mete sou pye yon sèvis (yon inite) pou aji prese prese pou ede moun ki viktim aksidan trafik yo, depi kote aksidan an fèt jouk yo rive nan lopital.
  - b. Yo dwe amelyore lalwa sou trafik woutye a, epi adapte l ak reyalitye lokal nou yo, san yo pa kite tout prensip entènasyonal yo sou kote.
  - c. Yo dwe mete sou pye yon sistèm kote yo make pèmi kondwi tout chofè k ap fè dezòd nan trafik la. Yon chofè ki rive jwenn yon seri mak konsa (paegzanp 4 fwa), ta jwenn kòm sanksyon pou l pa kouri machin pandan yon tan lalwa fikse.
  - d. Sèvis Leta yo (tankou travo piblik) dwe kouvri tou twou regou ki dekouvri, paske yo lakòz anpil aksidan ak moun ki blese.
  - e. Leta dwe antann li oswa defann konpayi k ap achte metal nan demolisyon, pou yo pa achte materyèl ki sòti nan bagay piblik yo, tankou kouvèti pou twou regou.
  - f. Leta dwe òganize yon bon enspeksyon pou machin pwa lou yo k ap sikile, epitou li dwe fè bon mentnans machin Leta yo yon fason kòrèk, sitou machin travo piblik yo ak machin SMCRS yo.
2. Leta dwe pran mezi pou amelyore kondisyon pou pasaje vwayaje nan transpò piblik :
  - a. Kondisyon transpò yo dwe montre respè pou diyite moun k ap vwayaje yo.
  - b. Li dwe veve sou sekirite fizik tout moun k ap vwayaje nan transpò piblik la.
3. Komisyon Jistis ak Lapè kontinye plede pou Leta pran responsablite l nan zafè zam afe k ap sikile :
  - a. Komisyon an repete demann li pou ta genyen yon dezameman vre, epi pou Leta pran tout zam ilegal (ki pa anrejistre kòm sa dwa), ak tout zam ki nan men moun ki reprezante yon danje pou sosyete a.
  - b. Leta dwe kontwole tout kòmès ak trafik zam ak bal.
  - c. Palman an dwe revize epi adapte tout lwa ki la yo sou zafè zam : kondisyon pou moun pote zam ; règ sou komès zam, el.
4. Leta dwe pran tout mezi ki nesèsè pou pèmèt Lajistis fè bon jan ankèt jidisyèl.
5. Pouvwa Jidisyèl a dwe vin efikas ak vrèman endepandan. Komisyon an mande pou Otorite Leta enfòme tèt yo sou diferan pwopozisyon Fowòm Sitwayen pou Refòm Lajistis te fè deja sou kesyon an.

# Analyse et commentaire du 48<sup>ième</sup> rapport sur la violence à travers la zone métropolitaine

## Les faits saillants du trimestre

Au cours du trimestre la Commission a documenté **284** cas de victimes de la violence, dont **179** sont mortes par balles. Pour le trimestre précédent il y avait également **284** victimes, dont **183** par balles. Le temps est trop court pour tirer des conclusions valables sur les tendances dans l'avenir. Il est important de noter, que les constats de la Commission ne couvrent pas toute la réalité.

La Commission continue de croire que le grand défi est de créer des conditions pour donner des résultats durables, pour que la violence diminue significativement et disparaisse. Mais nous avons des doutes sur la possibilité d'atteindre ce genre de résultats dans l'immédiat :

- Il n'y a pas eu de désarmement ; les armes restent entre les mains des citoyens et groupes armés, Au contraire des témoignages font état de quartiers populaires où, pour des raisons politiques, des armes sont distribuées, comme à Cité Soleil, Lassaline, Grande Ravine,
- Ceci prouverait que les pratiques du Pouvoir et des politiciens pour chercher à contrôler le terrain avec des forces illégales, n'ont pas encore changé. A tout moment la violence peut reprendre selon la nécessité de la conjoncture politique, comme au moment des élections.
- La police n'est pas encore en mesure d'assurer la sécurité du pays ; elle est absente dans bon nombre de quartiers et dans les sections communales. En plus, on fait état de la complicité de certains agents de police dans des actes d'insécurité.
- Le Gouvernement ne donne pas preuve de l'existence d'une politique de sécurité publique efficace et d'une volonté de répondre aux besoins fondamentaux de la population en la matière.

Dans ses rapports précédents, la Commission Justice et Paix a établi des liens entre politique et violence en Haïti. Bientôt le pays devra s'engager dans un processus électoral. La question qui s'impose est de savoir à qui profite la confusion ? Comment opérer une séparation entre pratiques politiques et violence ? Comment faire à ce que les politiciens, hommes et femmes, comprennent qu'il est impossible d'établir une démocratie et l'Etat de droit avec des personnes qui s'engagent dans le chemin de la violence et de la corruption ?

Dans cette même période, le nombre de victimes du trafic routier a augmenté considérablement : nous en avons compté **53** cas pour le trimestre ; au cours du trimestre précédent, il y avait **41** victimes.

Nous observons des engins lourds de service de l'Etat qui sont souvent impliqués dans bon nombre d'accident de la route. En date du 30 juillet 2013 à delmas 95, un camion de service SMCRS où ses freins auraient été relâché a heurté mortellement plus de 7 personnes sans compter les blessés.

Voici des constats qui concernent le trafic routier :

- La police déploie beaucoup d'effort pour contrôler les motos. Mais il est important d'attirer l'attention sur les poids lourds qui sont très agressifs dans la circulation ; parfois ils frappent des voitures privées sans s'arrêter. Il est nécessaire de signaler le danger que représente le téléphone portable entre les mains des chauffeurs.

- Le traitement et les conditions de voyage des simples passagers dans le transport public méritent d'être améliorés, parce que les conditions actuelles ressemblent trop aux conditions de transport des négriers.
- Les trous d'égouts dans la capitale demandent d'être bouchés. Les égouts restent à ciel ouvert dans plusieurs rues de la capitale. Leurs couvertures sont volées en série.
- Un nombre de voitures circulent sans faire la maintenance requise.
- La police routière manque de professionnalisme.
- Nous constatons toujours que la vente de la gazoline continue à se pratiquer dans les rues et dans les magasins. Cette situation qui a déjà fait plusieurs victimes, est une menace pour la sécurité publique.

Le nombre des assassinats par l'arme blanche également est élevé: **35** cas en 3 mois. Le chiffre de la période précédente s'élevait à **32**. Il est nécessaire de connaître les motifs qui poussent la population à de telles pratiques, même si les autorités déclarent haut et fort leur désaccord. La Commission constate la publicité faite par le parquet de Port-au-Prince pour décourager les gens; ceci est certes une position correcte. Seulement, la Commission croit qu'un appareil judiciaire efficace et des actions policières correctes soient plus importants pour redonner confiance aux gens, que des spots publicitaires dans la radio et la télé.

Plusieurs autres formes de violence bouleversent l'esprit de la population. Le kidnapping est toujours présent, même s'il on en parle moins. Les braquages, les hold-ups à moto et les vols font des victimes quotidiennement dans la capitale. Les gens se servent du transport en commun avec la peur dans les esprits.

## **Peut-on parler du Pouvoir Judiciaire comme une des branches fondant les trois Pouvoirs de la République d'Haïti ?**

Partons du principe que la Justice **symbolise le pilier de l'Etat de Droit**. Ceci sous entend que la Justice joue un rôle prépondérant dans l'organisation et l'application des règles de droit dans les sociétés. Sa mission est fondamentale pour traiter et corriger toutes les dérives qui sont contraire au droit et qui pourraient compromettre le bon fonctionnement de toute société humaine.

### **Quid du fondement des Pouvoirs ?**

Le principe de la séparation des Pouvoirs a pris naissance dans la Rome antique traitant de la répartition des différentes fonctions de l'Etat, qui sont confiées à différentes composantes de ce dernier. L'objectif de cette séparation consiste à avoir des institutions étatiques qui respectent et assurent au mieux les libertés fondamentales des individus. C'est un élément essentiel de la démocratie.

Les philosophes comme John Locke en Angleterre, et Montesquieu en France ont émis des idées sur des points essentiels qui fondent ce principe. Ainsi, on retient la classification suivante :

- Le Pouvoir Législatif qui est confié au Parlement.
- Le Pouvoir Exécutif qui a deux têtes c'est-à-dire la Présidence et la Primature.

- Le Pouvoir Judiciaire qui est confié aux Tribunaux et aux Cours

Le Pouvoir politique, au sens moderne de la démocratie, est organisé à travers le fonctionnement réel de cet ensemble institutionnel. C'est ce tableau qui donne lieu de parler de l'Etat démocratique. La mission du Pouvoir politique est d'assurer la cohésion sociale, le développement et la prospérité de l'Etat en faveur des citoyens et citoyennes.

### **Qu'en est-il de la réalité des Institutions haïtiennes ?**

Le fonctionnement institutionnel de la République d'Haïti est loin d'être correct ; le jeu de la séparation des Pouvoirs ne tient pas, c'est toujours l'épreuve de force et l'hostilité entre les autorités qui constituent les différents Pouvoirs de l'Etat. La population est témoin des dérives totalitaires et l'irrespect des principes qui sont inscrits dans la Constitution de 1987 pour organiser l'Etat.

L'absence de vision commune partagée par les dirigeants et acteurs politiques pour mieux construire la pensée haïtienne républicaine, est évidente. Les institutions ne remplissent pas leur rôle : il n'y a pas de services publics efficaces, c'est le désordre, la corruption, l'impunité, le marchandage, bref, c'est de l'illégalité légalisée par les faits.

Dans cette situation combien déstabilisante, le Pouvoir Judiciaire haïtien se trouve réduit à sa plus simple expression et paie énormément les frais de ce système politique en décrépitude. La Justice haïtienne est totalement vassalisée, politisée, déstabilisée, traquée, enchaînée. Elle est devenue tout simplement la prisonnière des autres Pouvoirs.

Les magistrats ne sont pas indépendants dans leur ministère. La majorité d'entre eux est nommée irrégulièrement ; ainsi, ils se voient contraints de servir de manière servile les autorités politiques qui leur ont parrainés, soit un membre de l'Exécutif ou du Législatif.

Les parquetiers (ou Commissaires du Gouvernement) sont assis sur une chaise musicale très instable où ils sont contraints à exécuter des ordres contraires à l'esprit et à la lettre des règles de droit. Étant les représentants de l'Exécutif dans le Judiciaire dans une fonction qui revêt une grande importance, ils devraient donner une contribution importante pour une bonne et valable justice, mais, les politiques des gouvernements ne sont pas toujours cohérentes et ne reflètent pas les solutions des problèmes de justice avec lesquels le pays se voit confronté.

Voulant construire une société équilibrée, les penseurs ont élaboré des principes séparant les Pouvoirs contre toutes les dérives totalitaires, d'où le principe de la séparation des Pouvoirs. Les régimes démocratiques sont organisés selon le principe de la séparation des Pouvoirs.

**Fondamentalement, l'exercice du Pouvoir doit s'arrêter au respect de la personne humaine, faute de quoi le Pouvoir ne serait que l'exercice de la violence.** En Haïti, quand on parle de « l'exercice du Pouvoir », on voit plutôt son utilisation pour s'abuser du droit au lieu d'être au service du citoyen et de la citoyenne.

Le Pouvoir politique qui fonde l'Etat moderne est un Pouvoir de droit, et sa légitimation vient du consentement collectif exprimé dans des lois admises. Cela implique que celui qui exerce ou détient le Pouvoir de droit, n'en n'est pas le propriétaire mais seulement le dépositaire. Jean J. Rousseau dit que le politique est un ministre du peuple.

La Constitution haïtienne de 1987 consacre la démocratie, l'Etat de droit, l'égalité et le respect de la personne humaine. Dans tout cela, la Justice doit être comme un baromètre et un canal pour cette démocratie, **car la Justice doit être au service de la dignité humaine et le rôle de la Justice est déterminant dans toute démocratie existante.**

Il est indéniable qu'en Haïti, depuis des temps, les autorités politiques qui ont dirigé le pays se sont montrées des dirigeants irresponsables, peu démocrates, animés par des idées perverses ; ils ont pratiqué une nette déstabilisation des institutions républicaines pour pouvoir arranger leurs intérêts de clan ou de groupe politique.

Le constat est que les Pouvoirs de l'Etat ne cohabitent pas pour le bonheur de la République, mais on assiste plutôt aux épreuves de force de part et d'autre, ce qui mène à des dérives graves contre la démocratie. Le thermomètre de l'Etat de droit est loin d'indiquer sa bonne santé. Trop de choses se font de manière irrégulière et souvent contraire à toute norme.

La défaite du Pouvoir Judiciaire haïtien est le résultat de toute une pratique politique malsaine et attentatoire à l'expression des règles de droit. Comment alors parler de la bonne marche de la société sans une justice forte et non partisane ? Quel est l'avenir de la Nation haïtienne avec une justice entièrement politisée et sous administrée ? Chaque jour on assiste à l'instrumentalisation des magistrats par les autres Pouvoirs. La mission de « service public » que devrait assurer la Justice est inexistante. De toute évidence, cela entraîne des conséquences très néfastes pour le corps social. Il n'y a pas de garanties judiciaires, et le non respect de la liberté individuelle constitue une violation des droits de l'homme permanente.

Le Conseil Supérieur du Pouvoir Judiciaire (CSPJ), organe capital qui devrait assurer la bonne marche du Pouvoir Judiciaire est devenue, dans un minimum de temps, prisonnière des vieux démons de la politique.

Le Pouvoir politique tient le Pouvoir Judiciaire haïtien en otage. La **République est à genoux, et non pas debout.** Cette situation constitue une hypothèque pour l'avenir des institutions démocratiques, elle détruit la sécurité juridique des citoyens et citoyennes de ce pays.

## **Propositions et recommandations de la Commission**

La Commission Justice et Paix demande aux autorités de l'Etat d'intervenir d'urgence sur ces différents points:

1. Les autorités étatiques doivent agir avec plus de sens de responsabilité sur la question du trafic routier. Ce qui signifie :
  - a. Mettre sur pied une unité d'intervention d'urgence pour assister les personnes accidentées, depuis le lieu de l'accident pour arriver à l'hôpital.
  - b. Améliorer la législation routière existante pour l'adapter aux réalités locales du pays, tout en considérant les normes internationales en la matière.
  - c. Pratiquer un système de percés sur les permis de conduire de tout chauffeur qui font du désordre dans le trafic, **après un nombre de (par exemple 4) percés, le chauffeur doit être interdit de conduire pour une durée de temps fixée par la loi.**

- d. Les services étatiques (comme les travaux publics) doivent couvrir les trous d'égouts à ciel ouvert qui sont la cause de nombreux accidents et de blessures.
  - e. Conclure des accords ou interdire aux compagnies qui achètent des fers de démolition, de ne pas acheter des matériels provenant des utilités publiques, comme les couvertures des égouts.
  - f. L'organiser l'inspection des poids lourds en circulation et maintenir correctement le matériel de l'Etat, particulièrement des travaux publics et SMCRS.
2. L'Etat doit prendre des mesures pour améliorer les conditions de voyage des passagers dans le transport public :
    - a. Les conditions générales doivent respecter la dignité humaine des usagers.
    - b. L'Etat doit veiller sur la sécurité physique de toute personne dans le transport public.
  3. La Commission Justice et Paix continue à plaider pour que l'Etat prenne ses responsabilités en matière des armes à feu en circulation :
    - a. La Commission réitère son appel pour un désarmement effectif de toutes les armes qui ne sont pas enregistrées correctement, ou des armes entre les mains de personnes qui constituent un danger social.
    - b. L'Etat doit contrôler le commerce des armes et des munitions.
    - c. Le Parlement doit réviser et adapter les différentes lois existantes en matière des armes, comme le port d'armes, le commerce des armes, la régulation, etc.
  4. L'Etat doit prendre toutes les mesures et dispositions nécessaires pour permettre la tenue de bonnes enquêtes judiciaires.
  5. Il est fondamental de rendre le Pouvoir Judiciaire efficace et vraiment indépendant. La Commission suggère aux autorités de l'Etat de prendre connaissance des propositions du Forum Citoyen pour la Réforme de la Justice en la matière.

*Rovelsond APOLLON, Av  
Responsable d'enquête CE-JILAP*

### Tablo vyolans mwa jiyè 2013

Jou ak dat ak lè	Enfòmasyon sou non viktim nan	Viktim gason /fanm	Esplikasyon nou ranmase sou aksyon ki pase a	Ki kote, zòn, katye	Ki sa ki touye viktim nan	ki idantite otè zak la
Dimanch 1 jiyè 2013 nan maten	Yon moun yo pa idantifye	Enkoni	Viktim nan mouri nan aksidan sikilasyon.	Taba, Klèsin 1	Aksidan machin	Chofè a
Dimanch 1 jiyè 2013 nan maten	David Jocelyn	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Dèlma	Bal nèg yo pa idantifye	Enkoni
Mèkredi 3 jiyè 2013, nan lajounen	Ginel Ribens	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtprens, Ayewopò	Bal nèg yo pa idantifye	Enkoni
Jedi 4 jiyè 2013, nan lajounen	Jean Paul Wesner	Gason	Nèg ak zam ki nan gang yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Site Solèy	Bal gang	Enkoni
Jedi 4 jiyè 2013, nan lajounen	Resela Fif	Fanm	Viktim nan pann tèt li	Dèlma	Swisid	Enkoni
Jedi 4 jiyè 2013, nan lajounen	Jimmy Delose	Gason	Viktim nan mouri anba kout kout, moun yo pa idantifye.	Pòtprens, Site Vensan	Zam blanch	Enkoni
Vandredi 5 jiyè 2013, nan lajounen	Marie Ange Nicolas	Fanm	Viktim nan mouri anba kout kout, moun yo pa idantifye.	Kafou	Zam blanch	Enkoni
Vandredi 5 jiyè 2013, nan lajounen	Thomas	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtprens, Ri Lama	Bal nèg yo pa idantifye	Enkoni
Vandredi 5 jiyè 2013, nan lajounen	ST Val Alina	Fanm	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Peyon vil	Bal nèg yo pa idantifye	Enkoni
Samdi 6 jiyè 2013, nan lajounen	Yon moun yo pa idantifye	Enkoni	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Dèlma, Dèlma 65	Bal nèg yo pa idantifye	Enkoni
Samdi 6 jiyè 2013, nan lajounen	Yon moun yo pa idantifye	Enkoni	Yo jwenn viktim nan mouri nan lari ak bal. Yo te transpòte l nan mòg Lopital Jeneral.	Pòtprens Lopital Jeneral	Bal nèg yo pa idantifye	Enkoni
Samdi 6 jiyè 2013, nan lajounen	Yon moun yo pa idantifye	Enkoni	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtprens, Wout pis	Bal nèg yo pa idantifye	Enkoni
Samdi 6 jiyè 2013, nan lajounen	Dayan Camelo	Gason	Nèg ak zam ki nan gang yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtprens, Savann Pistach	Bal gang	Enkoni
Dimanch 7 jiyè 2013, nan lajounen	Morose Jhonny	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Site Solèy, zòn Shada	Bal nèg yo pa idantifye	Enkoni
Dimanch 7 jiyè 2013, nan lajounen	Antonio Carlins	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtprens, Ri Sen Maten	Bal nèg yo pa idantifye	Enkoni
Dimanch 7 jiyè 2013, nan lajounen	Dieukibay	Gason	Nèg ak zam ki nan gang yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtprens, zòn Sen Jid	Bal gang	Enkoni
Dimanch 7 jiyè 2013, nan lajounen	Reginald Edmond	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Peyon vil	Bal nèg yo pa idantifye	Enkoni
Lendi 8 jiyè 2013, nan lajounen	Depra Herly	Gason	Viktim nan mouri nan aksidan sikilasyon.	Kwadèboukè, Maren 6	Aksidan machin	Enkoni
Lendi 8 jiyè 2013, nan maten	Yon timoun yo pa idantifye	Enkoni	Yo jwenn ti kò viktim abandone nan lari. Kòz lanmò l pat idantifye.	Site Solèy	Kòz yo pa idantifye	Enkoni
Lendi 8 jiyè 2013, nan maten	Yon moun yo pa idantifye	Enkoni	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtprens, Ri Jefa	Bal nèg yo pa idantifye	Enkoni
Lendi 8 jiyè 2013,	Mont Louis Joisilis	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye	Pòtprens, Plas	Bal nèg yo pa	Enkoni

Jou ak dat ak lè	Enfòmasyon sou non viktim nan	Viktim gason /fanm	Esplikasyon nou ranmase sou aksyon ki pase a	Ki kote, zòn, katye	Ki sa ki touye viktim nan	ki idantite otè zak la
nan lajounen			viktim nan ak plizyè bal.	Jefra	idantifye	
Madi 9 jiyè 2013, nan lajounen	Josué Jeanne Vena	Fanm	Viktim nan mouri nan aksidan sikilasyon.	Kafou	Bal nèg yo pa idantifye	Chofè a
Madi 9 jiyè 2013, nan lajounen	Yon fanm yo pa idantifye	Fanm	Viktim nan mouri anba kout koutb, moun yo pa idantifye.	Petyon vil	Zam blanch	Enkoni
Madi 9 jiyè 2013, nan lajounen	Wilfrid Isaac	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Petyon vil	Bal nèg yo pa idantifye	Enkoni
Madi 9 jiyè 2013, nan lajounen	James Delice	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtprens, Fontamara 29	Bal nèg yo pa idantifye	Enkoni
Madi 9 jiyè 2013, nan lajounen	Mondesir Macaisse	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Dèlma	Bal nèg yo pa idantifye	Enkoni
Mèkredi 10 jiyè 2013, nan lajounen	Fanès Saint Vil	Gason	Viktim nan mouri nan aksidan sikilasyon.	Petyon vil	Aksidan machin	Enkoni
Mèkredi 10 jiyè 2013, nan lajounen	Yon fanm yo pa idantifye	Fanm	Viktim nan mouri nan aksidan sikilasyon.	Pòtprens, Bisantè	Aksidan machin	Enkoni
Jedi 11 jiyè 2013, nan lajounen	Yon moun yo pa idantifye	Enkoni	Yo jwenn viktim nan mouri nan aksidan sikilasyon. Yo te transpòte l nan mòg Lopital Jeneral.	Pòtprens Lopital Jeneral	Aksidan machin	Chofè a
Vandredi 12 jiyè 2013, nan lajounen	Yon bebe yo pa idantifye	Ti moun	Yo jwenn ti kò viktim abandone nan lari. Yo te transpòte l nan mòg Lopital Jeneral.	Pòtprens, Nazon	Kòz yo pa idantifye	Enkoni
Vandredi 12 jiyè 2013, nan lajounen	Maxo Pierre	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtprens, Ri Monseyè Giyou	Bal nèg yo pa idantifye	Enkoni
Vandredi 12 jiyè 2013, nan lajounen	Jacques Jean Baptiste Junior	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Kafou, Kot Plaj 28	Bal nèg yo pa idantifye	Enkoni
Samdi 13 jiyè 2013, nan lajounen	Massena Dieufaite	Gason	Yo jwenn viktim nan mouri nan aksidan sikilasyon. Yo te transpòte l nan mòg Lopital Jeneral.	Pòtprens Lopital Jeneral	Aksidan machin	Enkoni
Samdi 13 jiyè 2013, nan lajounen	Marie Macienne Volcius	Fanm	Viktim nan mouri nan aksidan sikilasyon.	Kwadèboukè, Bon Repo	Aksidan machin	Enkoni
Samdi 13 jiyè 2013, nan lajounen	Joseph Jerry	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtprens, Ri Kamo	Bal nèg yo pa idantifye	Enkoni
Dimanch 14 jiyè 2013, nan lajounen	Yon moun yo pa idantifye	Enkoni	Yo jwenn viktim nan mouri nan lari. Kòz lanmòl pa t idantifye. Yo te transpòte l nan mòg Lopital Jeneral.	Pòtprens, Kafou Fèy	Kòz yo pa idantifye	Enkoni
Dimanch 14 jiyè 2013, nan lajounen	Yon moun yo pa idantifye	Enkoni	Yo jwenn viktim nan mouri nan lari ak bal. Yo te transpòte l nan mòg Lopital Jeneral.	Dèlma	Bal nèg yo pa idantifye	Enkoni
Dimanch 14 jiyè 2013, nan lajounen	Viergina Calixte	Fanm	Viktim nan mouri nan aksidan sikilasyon.	Dèlma	Aksidan machin	Enkoni
Dimanch 14 jiyè 2013, nan lajounen	Sophia Seide	Fanm	Viktim nan mouri nan aksidan sikilasyon.	Kafou	Aksidan machin	Enkoni
Dimanch 14 jiyè 2013, nan lajounen	Yon jèn gason yo pa idantifye	Enkoni	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtprens, Chemen Dèdal	Bal nèg yo pa idantifye	Enkoni
Dimanch 14 jiyè 2013, nan lajounen	Marie -Rose Donce	Fanm	Viktim nan resevwa bal nan lari, rive nan sal ijans lopital li mouri.	Pòtprens, Ijans Lopital Jeneral	Bal nèg yo pa idantifye	Enkoni



Jou ak dat ak lè	Enfòmasyon sou non viktim nan	Viktim gason /fanm	Esplikasyon nou ranmase sou aksyon ki pase a	Ki kote, zòn, katye	Ki sa ki touye viktim nan	ki idantite otè zak la
Lendi 15 jiyè 2013, nan lajounen	Maignon Jean Wilson	Gason	Yo jwenn viktim nan mouri nan lari ak bal. Yo te transpòte l nan mòg Lopital Jeneral.	Pòtprens, Lopital Jeneral	Bal nèg yo pa idantifye	Enkoni
Lendi 15 jiyè 2013, nan lajounen	Yon moun yo pa idantifye	Enkoni	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtprens, Gran Ravin	Bal nèg yo pa idantifye	Enkoni
Lendi 15 jiyè 2013, nan lajounen	Vilbert Marie Clara	Fanm	Machin frape viktim nan kouri nan sal ijans lopital li mouri.	Pòtprens, Lopital Jeneral	Aksidan machin	Enkoni
Lendi 15 jiyè 2013, nan lajounen	Eliphete Joseph	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtprens, Ri Dèzeza	Zam blanch	Enkoni
Lendi 15 jiyè 2013, nan lajounen	Joseph Mackenson	Gason	Viktim nan mouri anba kout manchèt pou akizasyon vòlò.	Site Soley Estasyon Gonayiv	Zam blanch	Enkoni
Madi 16 jiyè 2013, nan lajounen	Jhonny Gerome	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Kwadèboukè, Kwadèmisyon	Bal nèg yo pa idantifye	Enkoni
Madi 16 jiyè 2013, nan lajounen	Bernard Simon	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtprens, Ri Dèzeza	Bal nèg yo pa idantifye	Enkoni
Madi 16 jiyè 2013, nan lajounen	Yon moun yo pa idantifye	Enkoni	Yo jwenn viktim nan mouri nan lari. Kòz lanmòl pa t idantifye, yo te transpòte l nan mòg Lopital Jeneral.	Pòtprens, Matisan 4	Kòz yo pa idantifye	Enkoni
Mèkredi 17 jiyè 2013, nan lajounen	Yon moun yo pa idantifye	Enkoni	Yo jwenn viktim nan mouri nan lari ak bal. Yo te transpòte l nan mòg Lopital Jeneral.	Pòtprens, Ri Dèzaplastik	Bal nèg yo pa idantifye	Enkoni
Mèkredi 17 jiyè 2013, nan lajounen	Yon moun yo pa idantifye	Enkoni	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Kafou	Bal nèg yo pa idantifye	Enkoni
Jedi 18 jiyè 2013, nan lajounen	Bernard Joseph	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtprens, Nan Tinèl, Kafou Fèy	Bal nèg yo pa idantifye	Enkoni
Jedi 18 jiyè 2013, nan lajounen	Oradin Gerald	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Kafou	Bal nèg yo pa idantifye	Enkoni
Jedi 18 jiyè 2013, nan lajounen	Merisier Cenat	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Kafou	Bal nèg yo pa idantifye	Enkoni
Vandredi 19 jiyè 2013, nan lajounen	Philippe Jean Jean	Gason	Machin frape viktim nan kouri nan sal ijans lopital li mouri.	Pòtprens, Lopital Jeneral	Aksidan machin	Enkoni
Dimanch 21 jiyè 2013, nan lajounen	Dieudonne Ricardo	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Kafou, Lamanten 52	Bal nèg yo pa idantifye	Enkoni
Vandredi 19 jiyè 2013, nan lajounen	Francisque Phanord	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtprens, Matisan 25	Neye	Enkoni
Dimanch 21 jiyè 2013, nan lajounen	Dalicia Charles	Fanm	Viktim nan mouri anba plizyè kout koutb. Yo pa t idantifye otè zak la.	Petyon vil	Zam blanch	Enkoni
Dimanch 21 jiyè 2013, nan lajounen	Dieudonné Riccardo	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Kafou, Lamanten 52	Bal nèg yo pa idantifye	Enkoni
Lendi 22 jiyè 2013, nan lajounen	Philistin Gehu	Gason	Viktim nan resevwa bal nan lari. Yo kouri nan ijans lopital ak li, rive li mouri.	Pòtprens, Avni N	Bal nèg yo pa idantifye	Enkoni
